

BAB 1

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Indonesia miboga ragam budaya nu rupa-rupa katut ciri hasna. Pon kitu deui di unggal daérah miboga budaya séwang-séwang, sakumaha nu kaunggel dina paribasa *ciri sabumi*, *cara sadésa*. Najan tunggal sabudaya yén unggal daérah/wewengkon, tetep baé aya ciri has. Aya bentuk tradisi anu unik tur béda jeung daérah séjén, upamana di Kecamatan Parongpong aya ritual *irung-irung*.

Upacara ritual *irung-irung* mangrupa salah sahiji tradisi nu aya di Désa Cihideung Kecamatan Parongpong Kabupatén Bandung Barat. Istilah *irung-irung* saharti jeung cinyusu, séké, huluwotan atawa *spring* (basa Inggris, cinyusu) keur masarakat Désa Cihideung. Dina basa Indonesia “irung” téh hartina *hidung*, pangna disebut *irung-irung* ku sabab éta cinyusu téh aya dua saperti liang irung.

Cihideung minangka hiji daérah anu katelah ku wisata kembangna. Mayoritas masarakat di Kecamatan Parongpong nya éta patani kembang jeung tutuwuhan hias lianna, kaasup ogé nu melak sayuran. Pusat perdagangan kembang katut bibinihan aya di Cihideung, ngajajar méh sapanjang jalan Cihideung.

Sakumaha anu jadi kaweruh umum yén mahluk hirup kaasup tutuwuhan merlukeun pisan cai. Pikeun ngajaga kalumangsungan pasokan cai anu ngagelenggeng jeung ngagolontor, perlu ayana tarékah ti manusana saperti ngajaga kaasrian huluwotan, jeung teu sagawayah nuar tangkal, sabab tangkal bisa ngajaga siklus cai. Tarékah séjén nu dilakukeun ku warga Cihideung nya éta ngalaksanakeun hiji tradisi nu maksudna ngedalkeun rasa sukur ka Gusti nu geus méré kasuburan jeung kaéndahan alam nu loba mangpaatna keur manusa tur dibéré cai nu ngocor ngagolontor sanajan halodo entak-entakan. Hususna di Désa Cihideung, cai penting pisan keur nyumponan kabutuhan nu mayoritas pakasabanna patani kembang.

Sukuran ku cara salametan solokan atawa nyalametkeun cinyusu *irung-irung* geus aya ti taun 1938 ku alpukahna ku Eyang Lamsari. Dina taun 1940

diteruskeun ku Bapa Ica, tuluy ku Kepala Désa Cihideung H. Kurdi, diteruskeun deui ku Aki Ata (alm.) sarta Bapa H. Jiji (dokumentasi Kalang Kamuning).

Ritual ngalokat *irung-irung* dilaksanakeun bulan Agustus sanggeus panén. Ngalokat kecap asalna tina lokat. Dina *Kamus Basa Sunda*, ngalokat téh hartina kecap pagawéan mandi ku cikembang pikeun miceun geugeuleuh-keukeumeuh nu napel dina badan urang, supaya urang jadi jalma kinasihan (*Danadibrata*, 2009, kc. 413). Jadi, ngalokat cai atawa ritual ngalokat *irung-irung* mangrupa nyalametkeun cinyusu *irung-irung* atawa bebersih lembur di Kampung Kancah Désa Cihideung.

Upacara ritual *irung-irung* kaasup kana tujuh unsur kabudayaan nu ngawengku sistem réligi, sistem kamasarakatan atawa organisasi sosial, sistem pangaweruh, basa, kasenian, sistem pakasaban atawa sistem ékonomi, jeung sistem pakakas hirup atawa téhnologi. Upacara ritual *irung-irung* dina sisi réligi katitén ayana rasa sukur ka Gusti nu Maha Suci nu geus méré cai nu ngagolontor sanajan halodo entak-entakkan nu wujudna mangrupa upacara atawa ritual. Dina ieu ritual gé ayana gawé bareng antara masarakat keur ngajaga cinyusu *irung-irung*, nu caina dipaké keur kekembangan jeung tutuwuhan pikeun kalumangsungan jeung kabutuhan hirupna nu mayoritas patani. Basa nu digunakeun dina upacara ritual *irung-irung* mangrupa basa Sunda nu dikedalkeun sacara lisan. Dina prak-prakan upacara ritual *irung-irung* teu leupas tina kasenian, di antarana aya kasenian sasapian jeung ketuk tilu.

Ajén nu nyampak dina upacara ritual *irung-irung* salah sahijina ajén budaya. Hal ieu katitén jeung kabandungan kumaha harmonisna manusa jeung alamna. Salian ti manusa jeung alam, hubungan manusa jeung papada manusana sorangan katitén tina saacan ritual dilaksanakeun. Biasana rék deukeut ka poéna ritual, masarakat babarengan kerja bakti meresihan solokan dimimitian ti hilir tepi ka girang nya éta cinyusu nu disebut ogé huluwotan. Dina ieu panalungtikan katitén yén sisi budaya upacara ritual *irung-irung* bisa katingali tina prak-prakan upacara ritual *irung-irung*.

Sangkan upacara ritual *irung-irung* dipikanyaho ku balaréa, salah sahiji tarékahna ku cara ditepikeun dina pangajaran di sakola-sakola. Pangajaran basa jeung sastra miboga udagan sangkan siswa reueus kana basa jeung sastra Sunda

salaku *khazanah* budaya. Siswa bisa nganalisis ajén-inajén nu nyangkaruk dina upacara ritual *irung-irung* nu kaasup kana bahasan budaya Sunda nu luyu jeung Kompetensi Inti jeung Kompetensi Dasar dina Kurikulum 2013 di kelas XI, kodena 11.3 jeung 11.3.5.

Panalungtikan ngeunaan upacara ritual atawa tradisi geus réa dilaksanakeun ku para mahasiswa nu boga karesep kana kabudayaan nu wujudna mangrupa skripsi. Di handap ieu ditataan sababaraha panalungtikan nu diayakeun ngeunaan upacara ritual atawa tradisi:

- 1) Tradisi Ngaruat Coblong di Kampung Cirateun Kelurahan Isola Kecamatan Sukasari Kota Bandung pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya di SMA Kelas XII (Migi Isna Januar, 2014)
- 2) Tradisi Ngaruat Lembur di Désa Tanjungsiang Kecamatan Tanjungsiang Kabupatén Subang pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya di SMA Kelas XII (Ulikan Sémiotik) (Wini Widiastuti, 2014)
- 3) Ajén Éstétika dina Upacara Tradisi Cingcowong di Désa Luragung Landeuh pikeun Alternatif Bahan Pangajaran Maca di SMA (Aang Dedi Permana, 2015)
- 4) Simbol-simbol dina Tradisi Upacara Ruwatan Lembur di Désa Gudang Kahuripan Kecamatan Lémbang Kabupatén Bandung Barat pikeun Bahan Pangajaran Bahasan Budaya di SMA Kelas XI (Firman Munawar, 2015)
- 5) Tradisi Hajat Bumi di Désa Jagabaya Kecamatan Panawangan Kabupatén Ciamis pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya di SMA (ulikan Sémiotik) (Encep Nurhidayat, 2016)

Niténan kana panalungtikan nu geus aya, loba nu nalungtik ngeunaan upacara ritual. Upacara ritual *irung-irung* geus aya nu nulis dina wangun skripsi ku mahasiswa pendidikan seni musik UPI nu judulna “Kesenian Sasapian pada Acara Salamatan Irung-irung di Cihideung Parongpong Kabupaten Bandung Barat”. Éta hasil panalungtikan ngabahas ngeunaan struktur pertunjukan jeung komposisi musik nu aya dina kasenian sasapian. Sedengkeun ritual *irung-irung* dibahas prak-prakanna hungkul, teu ditalungtik ma’na atawa ajén nu aya dina upacara ritual *irung-irung*. Sabab kasenian sasapian aya dina runtuyan acara upacara ritual *irung-irung*.

Diana Nurul Fadillah, 2017

UPACARA RITUAL IRUNG-IRUNG DI DÉSA CIHIDEUNG KECAMATAN PARONGPONG KABUPATEN BANDUNG BARAT PIKEUN BAHAN PANGAJARAN BAHASAN BUDAYA SUNDA DI KELAS XI SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Ku alatan éta, diayakeun panalungtikan anu judulna “Upacara Ritual *Irung-irung* di Désa Cihideung Kecamatan Parongpong Kabupatén Bandung Barat pikeun Bahan Pangajaran Bahasan Budaya Sunda di Kelas XI SMA”.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, ieu panalungtikan diidéntifikasi masalahna. Ieu panalungtikan medar ngeunaan ajén budaya dina upacara ritual *irung-irung*. Anu dipedar dina ajén budaya nya éta nurutkeun téori Kluckhohn nu ngawengku hakékat hirup manusa, hakékat tina karya manusa, kalungguhan manusa dina ruang jeung waktu, hakékat hubungan manusa jeung alam, jeung hakékat manusa jeung sasamana. Salah sahiji alternatif pikeun ngamumulé kabudayaan ku cara diwanohkeun ngaliwatan pangajaran bahasan budaya Sunda di kelas XI SMA.

1.2.1 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang jeung idéntifikasi masalah di luhur, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun jadi sababaraha pertanyaan saperti ieu di handap:

- a) Kumaha sajarah jeung kamekaran upacara ritual *irung-irung* di Désa Cihideung?
- b) Kumaha prak-prakan upacara ritual *irung-irung* di Désa Cihideung?
- c) Unsur budaya naon nu nyampak dina upacara ritual *irung-irung* di Désa Cihideung?
- d) Ajén budaya naon nu nyampak dina upacara ritual *irung-irung* di Désa Cihideung?
- e) Bahan pangajaran bahasan budaya Sunda nu kumaha anu cocok dipaké di kelas XI SMA ngeunaan ajén budaya dina upacara ritual *irung-irung*?

1.3 Tujuan panalungtikan

Tujuan tina ieu panalungtikan kabagi jadi dua, nya éta tujuan umum jeung tujuan husus. Anapon tujuan umum jeung tujuan husus éta di antarana saperti ieu di handap.

Diana Nurul Fadillah, 2017

UPACARA RITUAL IRUNG-IRUNG DI DÉSA CIHIDEUNG KECAMATAN PARONGPONG KABUPATÉN BANDUNG BARAT PIKEUN BAHAN PANGAJARAN BAHASAN BUDAYA SUNDA DI KELAS XI SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nya éta pikeun mikanyaho sarta ngaronjatkeun pangaweruh ngeunaan budaya Sunda, hususna dina upacara ritual *irung-irung* nu aya di Désa Cihideung Kecamatan Parongpong Kabupatén Bandung Barat anu satuluyna bisa jadi bahan pangajaran di sakola sarta ngawanohkeun ka masarakat sangkan resep kana kabudayaan.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus anu bisa dihontal tina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun:

- a) Sajarah jeung kamekaran upacara ritual *irung-irung* di Désa Cihideung;
- b) Prak-prakan upacara ritual *irung-irung* di Désa Cihideung;
- c) Unsur budaya upacara ritual *irung-irung* di Désa Cihideung
- d) Ajén budaya nu nyampak dina ritual *irung-irung* di Désa Cihideung; jeung
- e) Rarancang bahan pangajaran bahasan budaya Sunda di kelas XI SMA ngeunaan ajén budaya dina upacara ritual *irung-irung*.

1.4 Manfaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan kabagi jadi opat, nya éta mangpaat tioritis, mangpaat kawijakan, mangpaat praktis, jeung mangpaat isu sarta aksi sosial. Anapon mangpaat tioritis, mangpaat kawijakan, mangpaat praktis, jeung mangpaat isu sarta aksi sosial. di antarana saperti di handap ieu.

1.4.1 Manfaat Tioritis

Mangpaat tioritis tina ieu panalungtikan nya éta bisa ngeuyeuban jeung nambahan pangaweruh ngeunaan khasanah budaya Sunda, sarta bisa maham kana ritual *irung-irung* hususna pikeun maluruh ajén budaya anu nyampak dina upacara ritual *irung-irung* di Désa Cihideung Kabupatén Bandung Barat, sarta pikeun ngeuyeuban bahan pangajaran basa Sunda di kelas XI SMA ngeunaan bahasan budaya Sunda.

1.4.2 Manfaat Kawijakan

Mangpaat kawijakan tina ieu panalungtikan nya éta panggeuing pamaréntah hususna DISPARBUD Kabupatén Bandung Barat sangkan leuwih ngarojong,

ngajénan tur bisa dijadikeun agenda nu maneuh unggal taun sarta bisa jadi asét budaya nu luhung ajénna.

1.4.3 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Pikeun panalungtik, bisa nambahan pangaweruh ngeunaan upacara ritual *irung-irung*.
- 2) Pikeun masarakat, bisa dijadikeun panggeuing sangkan leuwih ngaronjatkeun karesepna kana budaya Sunda tur bisa ngaraksa jeung ngariksa kabudayaan Sunda hususna upacara ritual *irung-irung* sangkan éta kabudayaan teu musnah.
- 3) Pikeun guru, bisa nambahan pangaweruh dina ngamekarkeun bahan pangajaran.
- 4) Pikeun siswa, bisa mikanyaho kabudayaan nu aya disabudeureunna.

1.4.4 Mangpaat Isu sarta Aksi Sosial

Mangpaat isu sarta aksi sosial tina ieu panalungtikan nya éta bisa méré informasi ka masarakat ngeunaan upacara ritual *irung-irung* nu kudu diriksa ulah nepi ka musnah.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi disusun jadi lima bab. Bab I, Bab II, Bab III, Bab IV jeung Bab V.

Bab I, eusina ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan nu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan nu ngawengku mangpaat tioritis, mangpaat kawijakan, mangpaat praktis, jeung mangpaat isu sarta aksi sosial, jeung raraga tulisan.

Bab II, eusina mangrupa ulikan pustaka ngeunaan kabudayaan, ajén budaya, folklor, upacara ritual *irung-irung* jeung bahan pangajaran maca bahasan budaya Sunda.

Bab III, eusina ngeunaan métode panalungtikan nu ngawengku désain panalungtikan, lokasi jeung tempat panalungtikan, téknik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung analisis data.

Bab IV, eusina ngeunaan hasil panalungtikan jeung pedaran.

Bab V, eusina mangrupa kacindekan, implikasi, jeung rékoméndasi.

Diana Nurul Fadillah, 2017

UPACARA RITUAL IRUNG-IRUNG DI DÉSA CIHIDEUNG KECAMATAN PARONGPONG KABUPATEN BANDUNG BARAT PIKEUN BAHAN PANGAJARAN BAHASAN BUDAYA SUNDA DI KELAS XI SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu